Basa Sunda - Bebas Tina Ajal Pati Kitab Suci - Free from Death Scriptures

Rum 6:23 Sabab upahna dosa teh, Maot; sabalikna, berkahna sih kurnia mah, hirup langgeng jeung Isa Al Masih, Gusti Jungjunan urang.

Rum 8:2 Sabab geus dileupaskeun tina hukum dosa, anu mateni tea; geus dibebaskeun ku Ruh anu nungtun kana alam hirup dina kamanunggalan jeung Al Masih.

2 Timoteus 1:10 Kiwari, eta sih kurnia-Na teh, geus bukti ku sumpingna Isa Al Masih, Juru Salamet urang. Anjeunna geus namatkeun kakawasaan Maot sarta ku karana Injil, jalan anu brasna kana hirup nu langgeng, geus kabuka.

Ajoeb 5:2 Karana noe paloeng dimangsakeun koe djengkel, sarta noe bodo dipaehkeun koe keuheul.

Hosea 13:14 Kami rek ngaleupaskeun maranehanana ti pangawasa enggon noe paeh; kami rek ngadjait maranehanana tina maot: Eh maot! na di mana ajeuna pageboeg maneh? eh enggon noe paeh! na di mana ajeuna sasalad maneh? Ari perkara handjakal tangtoe boeni ti sotja kami.

Djaboer 9:13(14) Moegi aja sih-koernija ka koering, Pangeran! Moegi ningalikeun kabalangsakan koering ti noe gareuleuh ka koering Nja andjeun noe ngahandjatkeun diri koering tina lawang maot;

Ajoeb 6:26 Naha sarampejan ngamaksoed njawad omongan? Mapan noe bingoeng pok-pokanana kana angin.

Ajoeb 33:22 Kitoe njawana ngadeukeutan kana roewangan, nja hiroepna njampeurkeun ka poerah maehkeun.

Jeheskel 37:12,13 Koe sabab eta, geura ngawedjang; ari piomongeun maneh ka darinja: Kijeu timbalan Goesti Pangeran: Eh, oemat kami! masing njaho, kami rek ngaboekakeun koeboeran maraneh, sarta rek ngahandjatkeun maraneh ti djero koeboeran, bari toeloej maraneh koe kami dipoelangkeun ka tanah Israil. 13 Harita maraneh tangtoe nganjahokeun, jen kami teh Pangeran, samangsa kami geus ngaboekakeun koeboeran maraneh, djeung samangsa maraneh, oemat kami, koe kami geus dihandjatkeun ti djero koeboeran maraneh.

Mateus 27:52 makam-makam mararuka sarta jasad-jasad jelema saruci anu keur sumare di dinya, harudang deui.

1 Kahidji ti Moesa 2:7 Ari Manusa, dipidamelna ku GUSTI Jehovah teh nya eta tina taneuh. Sanggeus diwangun mangrupa jelema, tuluy ditiupkeun napas anu matak hirup kana liang irungna, seug manusa teh ngajadi mahluk hirup.

1 Kahidji ti Moesa 6:17 Karana kami teh, satemenna, rek ngadatangkeun tjaah gede ka boemi, kersa ngaroeksakkeun saniskara daging, sakoer anoe aja soekmaan biroep; rek dileungitkeun ti kolong langit; saniskara

noe di boemi mengke paeb.

1 Kahidji ti Moesa 7:15 Pada daratang ka Enoh, kana kapal, doewa-doewa siki, mandjing saniskara daging, sakoer anoe soekmaan hiroep.

1 Kahidji ti Moesa 7:22 Saniskara anoe aja ambekan soekma hiroep dina iroengna, naon bae anoe di darat, paraeh kabeh.

Ajoeb 12:10 Nja panangan andjeunna noe njepeng njawa sakoer noe hiroep, soemawonna roh sakabeh daging djalma.

Ajoeb 33:4 Roh Jehovah noe ngadamel kaoela; nja ambekan ti noe Moerbawisesa noe ngahiroepkeun kaoela.

Carios Padamelan 17:25 Tur Anjeunna ge, henteu butuh ku nu diasong-asongkeun ku leungeun manusa kawas nu aya kakurang. Sabab Anjeunna pisan malah anu maparin hirup, maparin napas, katut naon bae pangabutuh jalma sakumna.

Wahyu 13:15 Tur eta sato teh boga pangawasa ngahirupkeun eta arca, nepi ka arcana bisa ngomong ngaragragkeun hukum pati ka anu embung nyembah.

Yahya - Johannes 10:10 Bangsat mah, datang teh ngan arek maling, maehan, jeung ngabinasa; ari Kami mah, kalawan maksud supaya umat tinemu jeung hirup-hurip sarta kaseundeuhan ku berkah.

Jesaja 28:15,18 Sapedah maraneh ngomong kijeu teja: Koela geus djangdji-pasini djeung maot, geus pasangoebaja djeung enggon noe paeh; samangsa eta pangrangket tjaah njorang, moal ngadatangan ka koela; karana bohong koe koela dipake panjalindoengan, djeung koela njoemjpoet di katjidraan: 18 Sarta ari djangdji-pasini maraneh djeung maot teja bakal dileungitkeun, kitoe deui pasang-oebaja maraneh djeung enggon noe paeh teja moal toeloes; samangsa eta pangrangket tjaah teja njorang, maraneh djadi idekeunana.

Jesaja 5:24 Koe sabab eta, saperti djarami dihakan koe letahing seuneu, sarta djoekoet garing leboer koe hoeroeng, nja kitoe akar itoe mengke boeroek, djeung kembangna ngeboel tjara peledoeg; sapedah pada mitjeun toret Pangeran sawadya-balad, sarta ngagogoreng kana timbalan Kasoetji Israil.

Joel 1:12 Ari tangkal anggoer teh perang, djeung tangkal kondang teh aloem; tangkal dalima, dalah tangkal korma djeung djeroek, sambarang bae tatangkalan kebon teh parerang; geus poegoeh kaatohau parerang, leungit ti anak Adam.

Hosea 13:15 Sanadjan manehanana boewahan di antara doeloer-doeloerna, engke datang angin ti wetan, nja angin ti Pangeran, pidjeboeleunana ti tegal lega; tangtoe soemoerna datang ka ngoletrak, djeung tjinjoesoena datang ka saat; nja eta bakal ngarampog doenya-brana sakabeh barang noe moelja-moelja.

Wahyu 22:1 Geus kitu, malaikat teh nuduhkeun walungan kahirupan, anu

matak hirup hurip; caina ngenclong ngagenclang, lir kaca kristal; sirahna, tina singgasana Jehovah jeung tina singgasana Anak Domba;

Yahya - Johannes 4:10,14 Waler Isa, “Lamun Nyai terang mah kana nugraha ti Jehovah, jeung wawuh ka nu menta nginum, tangtu Nyai anu menta nginum teh ka Kami, tur tangtu dibere cai cikahuripan.” 14 tapi cai nu rek dibikeun ku Kami mah, moal matak halabhab-halabhab deui sapapan-jangna oge. Sabab cai pamere Kami mah, bakal ngajadi cinyusu di jero diri nu nginumna; anu moal saat-saat nepi ka hirup di kalanggengan oge.”

Siloka Soeleman 13:14 Papakon djalma pinter ibarat soemoer kahiroepan; matak njingkir tina ridjeting maot.

Siloka Soeleman 14:27 Sijeun koe Pangeran ibarat soemoer kahiroepan, matak njingkir tina ridjeting maot.

Jeheskel 13:17-23 Djeung deui maneh teh, anak Adam geura njanghareup ka anak bangsa maneh noe awewe, ka sakoer noe sok ngawedjang ti hate sorangan, sarta koedoe ngawgdjang pitjilakaeun eta; 18 ari piomongeun maneh: Kijeu timbalan Goesti Pangerau: Pibalaieun awewe, noe sok ngarapoet goegoeling keur sakabeh kelek, djeung njarijeun koekoedoeng keur sirah sagala dedeg, baris moro njawa! Naha maraneh dek moro njawa oemat kami, djeung ngahiroepan njawa maraneh sorangan? 19 Sarta maraneh nganistakeun kami di oemat kami, malar poporot gandroeng satjanggeum djeung roti sahoewapeun; noe dipambrih maehan djalma, noe benerna oelah dipaehan, djeung ngahiroepan djalma, noe benerna oelah dihiroepan; lantaranana maraneh ngabohong ka oemat kami, noe ngagoegoe kana bohong. 20 Koe sabab eta, kijeu timbalan Groesti Pangeran: Masing njaho, kami ngamoesoeh ka goegoeling maraneh, noe djadi sarat maraneh moro njawa di dinja, malar sina ngarapoeng; sarta koe kami eta rek direboet ti leungeun maraneh; djeung kami rek ngaleupaskeun eta njawa, teges njawa beunang maraneh moro malar sina ngarapoeng teja. 21 Samalah eta koekoedoeng maraneh koe kami rek disosoeh, sarta rek ngaloewarkeun oemat kami ti leungeun maraneh; moal djongdjon ajana dina leungeun maraneh saperti beunang moro; harita maraneh tangtoe nganjahokeun, jen kami teh Pangeran. nganjahokeun, jen kami teh Pangeran. 22 Sapedah maraneh djalan tjidra nganjerikeun ka hate djalma bener, noe koe kami hanteu dinjerikeun; djeung sapedah maraneh ngoewatkeun leungeun djalma doraka, sina oelah tobat mitjeun djalanna noe goreng, sarta oelah hiroep; 23 koe sabab eta, maraneh hamo meleng-meleng deui noe gapong, sarta hamo ngalampahkeun deui noedjoem; djeung deui oemat kami koe kami rek dika-loewarkeun ti leungeun maraneh, sarta maraneh tangtoe nganjahokeun, jen kami teh Pangeran.

Jermia 21:8 Sarta maneh ka ijeu bangsa koedoe mitjatoer deui: Kijeu timbalan Pangeran: Masing nganjahokeun, kami di hareupeun maraneh

ngajakeun djalan matak hiroep djeung djalan matak paeh.

Ajoeb 34:22 Taja noe poek, sarta taja kalangkang maot, pigeusaneun njoempoet noe njarijeun kagorengan.

Djaboer 16:10 Karanten njawa koering koe andjeun moal didjomplang di enggon noe paeh; andjeun teh moal tega kaasih andjeun kasorang boeroek-oetjoetan.

Djaboer 23:4 Sanadjan koering njorang lebak kalangkang maot oge, koering teu sijeun tjilaka; karanten andjeun noe njarengan ka koering; teteken andjeun sareng limboehan andjeun, nja eta noe ngalipoeran ka koering.

Djaboer 30:3(4) Noen Pangeran! njawa koering koe audjeun dihandjatkeun deui ti enggon noe maot; koering koe andjeun dihiroepan tina rek toeroen kana gorowong.

Djaboer 49:15 Ibarat domba, pada digiringkeun ka enggon noe paeh, seg diarangon koe maot; ari djalma noe saestoe bakal pada moerba ka darinja ari geus isoek; sarta roepana datang ka bejak di enggon noe paeh, taja pernah-pernahna atjan.

Djaboer 56:13(14) Karantgn njawa koering koe andjeun diloepoetkeun tina maot; lain ngaloepoetkeun soekoe koering tina laboeh? soepaja koering loemampah di pajoeneun Jehovah dina tjaang kahiroepan.

Djaboer 68:20(21) Nja eta Jehovah teja ka oerang teh Jehovah noe njalametkeun dongkap ka toetoegna; sarta Pangeran Goesti noe kagoengan djalan ka loewar tina maot.

Djaboer 89:48(49) Saha djalma noe pihiroepeun, sareng teu koengsi ngarasa maot, noe bakal ngarahajoekeun njawana ti pangawasa enggon noe paeh? Selah.

Djaboer 102:19,20(20,21) doemeh andjeunna geus ningali ti manggoengna noe soetji; Pangeran ti sawarga geus ngawaspaoskeun ka boemi, 21 ngadangoekeun haharegoengan sakitan, sareng ngalesotkeun noe geus tangtoe dipaehan;

Djaboer 116:8 Karanten andjeun geus ngaleupaskeun njawa koering tina maot, panon koering tina tji-mata, sareng soekoe koering tina laboeh.

Siloka Soeleman 10:2 Radja-brana kadorakaan taja mangpaatna; sabalikna kabeneran mah ngaloepoetkeun tina maot.

Jesaja 26:19 Oemat andjeun noe maraot mengke hariroep deui; majit koering tinangtos haroedang deui. Eh sakoer, noe ngarenggon dina taneuh! geura pada njaring bari sarenggak. Karanten tji-iboen andjeun ibarat tji-iboen dangdaoenan, sareng boemi bade ngampoelkeun noe paraeh.

Yahya - Johannes 5:28,29 Hal eta, ku aranjeun henteu kudu dipikaheran. Sabab pidatangeun mangsa, anu keur sumare di alam kubur, kabeh bakal ngadarenge kana gentra-Na. 29 Sakur nu keur hirupna bener, harudangna ti alam kubur teh bakal terus kana hirup nu langgeng. Anu tadina hirupna jahat mah, dina mangsa harudang ti alam kubur teh, geus disampakkeun

hukuman.

Yahya - Johannes 10:28 Sapapanjangna moal keuna ku binasa jeung moal bisa karampas ti leungeun Kaula.

Yahya - Johannes 11:43,44 Geus kitu Anjeunna nyoara tarik pisan, “Lasarus, geura bijil!” 44 Kurunyung nu maot teh ka luar, suku jeung leungeunna dibeungkeut keneh ku boeh, beungeutna katutupan kapas. Saur Isa, “Buka boehna, supaya laluasa!”

Yahya - Johannes 12:17 Hal Anjeunna nyaur Lasarus nepi ka hirup deui kaluar tina makamna, geus kauar-aer diutarakeun ku jalma-jalma anu nyaraksian kajadianana.

Yahya - Johannes 17:2 Sakumaha Ama anu parantos maparin kawasa ka ieu Putra, nya eta kawasa ka sakumna manusa pikeun masihan hirup langgeng; nya ka sakur anu ku Ama parantos diserenkeun ka Putra.

1 Korinta 15:19-26 Upama urang gumantung ka Al Masih, tapi ngan sawates lilana hirup urang; atuh urang teh, mahluk anu pangcilaka-cilakana. 20 Tapi saestuna, Al Masih teh geus digugahkeun! Tur nya ieu pisan anu mastikeun, yen sakabeh anu maraot teh baris dihudangkeun deui. 21 Sakumaha halna manusa anu saurang, Nabi Adam tea, geus ngalantarankeun saalam dunya kagenggem ku Pati, Manusa anu saurang deui oge, Al Masih tea, geus ngalantarankeun sakabeh anu maraot baris dihudangkeun deui. 22 Sakumaha halna kabeh manusa kudu maot ku karana Nabi Adam; sakabeh manusa oge, baris dihirupkeun deui ku karana Al Masih. 23 Tapi kudu nurutkeun giliranana: Al Masih pangheulana, nu jadi marganing lantaranana; geus kitu, giliran anu aranut ka Anjeunna; waktuna, nya eta dina wanci Anjeunna sumping deui. 24 Geus kitu, kakara datang poe panungtungan sarta Anjeunna harita baris masrahkeun Karajaan ka Jehovah anu jumeneng Rama. Pamasrahana-Na teh, nya eta sanggeus Anjeunna ngelehkeun sagala pamarentahan, sagala kawasa, jeung sagala kakuatan. 25 Sabab Al Masih kudu nyepeng pamarentahan, jumeneng Raja, nepi ka kabeh musuh-Na, ku Jehovah diteundeun di handapeun dampal sampean Al Masih. 26 Musuh panganggeusan anu baris dibinasa, nya eta Ajal Pati.

2 Korinta 1:9,10 Malah simkuring teh, geus asa pasti kana pipaeheun. Tapi eta teh jadi pangajaran, yen urang ulah sok percaya teuing ka diri sorangan. Percaya teh kudu ka Jehovah, anu kawasa ngahirupkeun anu paeh. 10 Nya ngan ka Mantenna, urang kudu muntang teh. Mantenna geus nulungan simkuring, nya eta ngaleupaskeun simkuring tina baya pati. Saterusna ge, nya pitulung Mantenna keneh bae anu diarep-arep teh.

2 Korinta 3:6 Nya ngan ku Jehovah, nu matak simkuring sanggup jadi abdi tina Perjangjian anu anyar oge. Eta Perjangjian teh, lain mangrupa tulisan, tapi Ruh. Anu mangrupa tulisan tea mah maehkeun, tapi ari Ruh mah ngahirupkeun.

Kolosa 1:21,22 Dulur-dulur oge, tadina mah, hirup teh jauh ti Jehovah; malah mah ngamusuh pisan, sakumaha bukti tina kalakuan aranjeun anu doraka. 22 Tapi ayeuna, aranjeun, ku Mantenna geus dicandak rapih deui; sabab geus ditebus ku Al Masih anu geus toh pati jiwa raga, malar dulur-dulur jadi suci, taya cacad kuciwana di payuneun Jehovah.

Ibrani 2:9 Anu ku urang geus kasaksian mah, nya eta: Isa teh kantos sakeudeung ku Jehovah disina leuwih rendah batan malaikat, sina pupus pikeun kabeh manusa anu kalintang dipiwelas-Na ku Jehovah. Tapi sanggeus Anjeunna nemahan pati, lajeng ku Jehovah dimakutaan ku kamulyaan jeung kaagungan.

Ibrani 2:14,15 Ku sabab anu diangken jadi putra-putra-Na teh manusa biasa, Anjeunna iklas nyamikeun salira ka maranehna; nya hurip-Na teh sakumaha hirup maranehna, supaya ku jalan pupus-Na, setan anu ngereh alam maot teh, ditumpes. 15 Lian ti eta, supaya sakur anu saumur hirupna teu leupas-leupas tina kasieun ku kawasaning ajal, bisa leupas tina geugeuhanana.

Ibrani 11:5 Tina sabab PERCAYA, Hanok digaibkeun ti alam dunya henteu nyorang ajal heula. Anjeunna teh, teu aya nu manggihan deui lantaran dicandak ku Jehovah. Nurutkeun panyaksen Kitab suci, samemeh anjeunna digaibkeun, hirupna teh sapuk jeung pangersa Jehovah.

1 Petrus 3:18 Kapan Al Masih oge pupus-Na teh lantaran dosa urang. Anjeunna nu tanpa dosa, pupus ku karana dosa-dosa manusa, supaya manusa bisa disanggakeun ka Jehovah. Al Masih teh, raga badag-Na mah beunang dipaehan, tapi mungguhing Ruh-Na mah tetep kawasa.

2 Petrus 1:3 Ku kawasaning Jehovah nu agung, urang geus dipaparin sakur nu perlu geusan hirup kalawan ibadah, nya eta ku lantaran diwanohkeun ka Nu geus nyaur ka urang, malar kamulyaan jeung kakawasaan Anjeunna tumerap ka urang.

1 Yahya - 1 Johannes 3:14 Urang terang yen geus pindah pileumpangan, tina paeh kana hirup, lantaran aya kanyaah ka dudulur. Anu teu boga kanyaahan mah, kaayaanana tetep paeh.

1 Yahya - 1 Johannes 5:11 Demi aci-acining eta panyaksen kieu: Jehovah teh, ka urang, ngurniakeun hirup langgeng. Ari hirup langgeng teh, dicangking ku Putra-Na.

Wahyu 21:6 Ngadawuh deui: “Kami teh Alif jeung Ya: Nu Awal jeung Nu Ahir. Sakur nu halabhab, ku Kami dibere nginum tina Cinyusu Kahirupan, teu kudu mayar.

Pastor T. John Franklin
Church of Salvation, Healing, and Deliverance
COS-HAD.org